



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ KI GEN TWA DIREKSYON AVÈK ASANBLE LEJISLATIV LA SOU PWOJÈ LWA POU KONJE MALADI PEYE POU BAY ASISTANS IMEDYA POU NOUYÒKÈ YO KE COVID-19 LA AFEKTE

Pwojè lwa sou pwogram Gouvènè a garanti pwoteksyon travay ak peye Nouyòkè ki nan karantèn yo akòz nouvo coronavirus la

Lejislasyon an adopte tou pwopozisyon konplè sou konje maladi peye ki te prezante pou premye fwa nan bidjè egzekitif Gouvènè a

Fè swivi ak anons Gouvènè a semèn pase a ke Eta a pral bay de semèn konje peye pou travayè yo nan Eta a ki nan karantèn

Sant Tès Mobil COVID-19 sou Volan an louvri jodi a nan Konte Nassau - Apre siksè sant parèy la te genyen nan New Rochelle

Eta pral louvri Sant Tès Mobil Sou Volan nan Konte Suffolk, Rockland ak Staten Island

Eta a ap kontakte enfimyè ak doktè ki retirete yo pou konplete pèsònèl medikal nan lopital yo - Nan kad efò Gouvènè a pou ranfòse kapasite lopital yo

Mande Asosyasyon Lopital Greater NY la ak Asosyasyon Swen Sante NYS la pou travay avèk 1199 SEIU pou prepare yon plan pou kreye gadri san randevou epi elaji etablisman gadri nan lopital yo pou asire gen gadri pou pèsònèl nan lopital

Konfime 432 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a ak 1,374; nouvo ka nan 18 Konte

Cuomo: "Se yon moman ekstraòdinè nan istwa nasyon sa a e li prale rete nan liv istwa yo kòm youn nan moman gwo kriz ak konfizyon. Kidonk, mesaj mwen pou Nouyòkè yo se sa: Se pou nou yon jan pi sansib, konprann estrès la, konprann laperèz la, se pou nou yon jan pi afektye, yon jan pi konpatisan, yon jan pi rekonfòtan, yon jan pi koperatif. N ap travèse li epi n ap travèse li ansanm".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon akò ki gen twa direksyon avèk asanble lejislativ la sou pwojè lwa ki garanti pwoteksyon travay ak peman pou Nouyòkè yo ki nan karantèn akòz nouvo coronavirus oswa COVID-19 la. [Pwojè lwa](#) a gen ladan tou règleman konplè ak pèmanan sou konje peye ki te prezante pou premye fwa nan pwopozisyon bidjè egzekitif ane fiskal 2021 Gouvènè a.

Sa fè swit ak [anons](#) Gouvènè a semèn pase a ki te di eta a pral garanti de semèn konplè konje peye pou tout travayè nan eta a ki sijè ak yon lòd karantèn obligatwa oswa prevantif akòz nouvo coronavirus la

Gouvènè a te anonse ke sant tès mobil COVID-19 sou volan an louvri jodi a nan Long Island. Gouvènè a otorize Eta a tou pou louvri sant tès mobil COVID-19 sou volan yo nan Konte Suffolk, Rockland ak Staten Island. Sa vini apre siksè sant tès mobil New Rochelle la, ki te ouvri 13 mas. Sant tès mobil sou volan yo ede kenbe moun ki malad oswa ki gen risk pou kontrakte coronavirus la lwen etablisman swen sante yo, kote yo ta ka enfekte lòt moun. Sant sa yo se yon pati enpòtan nan kad pwogram Gouvènè a ki lidè nan peyi a pou teste plizyè milye moun pa jou pou COVID-19 semèn sa.

Gouvènè a te anonse tou ke eta a ap kontakte ansyen doktè, enfimyè ak lòt pwofesyonèl swen sante kalifye pou konplete pèsònèl nan lopital yo. Depatman Sante Eta (State Department of Health) a ak Depatman Edikasyon Eta (State Education Department) a te voye lèt bay pwofesyonèl swen sante ki retirete yo ak tout lekòl enfimyè, sante piblik ak medsin nan ankouraje pèsònèl swen sante kalifye yo pou enskri pou travay sou apèl pandan kriz COVID-19 la. Pwofesyonèl swen sante yo ki swete enskri ka kontakte Depatman Sante Eta a nan health.ny.gov/assistance.

Gouvènè Cuomo te mande Asosyasyon Lopital nan Greater New York (Greater New York Hospital Association) la ak Asosyasyon Swen Sante Eta New York (Healthcare Association of New York State) la pou travay avèk 1199 SEIU pou prepare yon plan pou kreye opòtinite gadri san randevou epi elaji etablisman gadri nan lopital yo pou asire gen gadri pou pèsònèl nan lopital Y ap soumèt yon plan komen bay Eta a jiska vandredi.

"Sèl fason ki pi efikas pou kontni pwopagasyon viris la se asire moun ki ka te gen kontak ak li pa entèraji ak lòt. Semèn pase a, mwen te di n ap bay egzant nan garanti de semèn peman pou travayè nan eta a ki te nan karantèn akòz COVID-19 la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi pou konje maladi peye a ke nou te aksepte jodi a elaji pwoteksyon sa yo pou tout Nouyòkè yo - akòz pa gen okenn Nouyòkè ki dwe pèdi travay oswa revni yo poutèt yo respekte yon lòd sante piblik enpòtan. Se yon moman ekstraòdinè nan istwa nasyon sa a e li prale rete nan liv istwa yo kòm youn nan moman gwo kriz ak konfizyon. Kidonk, mesaj mwen pou Nouyòkè yo se sa: Se pou nou yon jan pi sansib, konprann estrès la, konprann laperèz la, se pou nou yon jan pi afektye, yon jan pi konpatisan, yon jan pi rekonfòtan, yon jan pi koperatif. N ap travèse li epi n ap travèse li ansanm."

Pou abòde bezwen imedya anplwaye yo ke COVID-19 la afekte ki sijè ak lòd karantèn oswa izòlman obligatwa oswa prevantif, lejislasyon Gouvènè a pral bay sa yo:

- **Anplwayè ki gen 10 oswa mwens anplwaye** ak yon revni nèt ki mwens pase 1 milyon dola pral bay pwoteksyon travay pou dire lòd karantèn lan ak garanti travayè yo gen aksè ak konje fanmi ki peye ak avantaj pou andikap (andikap akoutèm) pou peryòd karantèn lan ki gen ladan replasman salè pou salè yo jiska 150,000 dola.

- **Anplwayè ki gen 11-99 anplwaye** ak anplwayè ki gen 10 oswa mwens anplwaye ak yon revni nèt ki plis pase 1 milyon dola pral bay omwen 5 jou konje maladi peye, pwoteksyon travay pou dire lòd karantèn lan ak garanti travayè yo gen aksè ak konje fanmi ki peye ak avantaj pou andikap (andikap akoutèm) pou peryòd karantèn lan ki gen ladan ranplasman salè pou salè yo jiska 150,000 dola.
- **Anplwayè ki gen 100 oswa plis anplwaye**, ansanm ak tout **anplwayè piblik yo** (kèlkeswa kantite anplwaye), pral bay omwen 14 jou konje maladi peye ak garanti pwoteksyon travay pou dire lòd karantèn lan.

Dispozisyon karantèn lejislasyon an ta dwe antre anvigè imedyatman apre adopsyon yo, pou asire ke travayè Nouyòkè yo pral kapab pwofite de avantaj sa yo.

Lejisasyon an gen ladan tou pwopozisyon konplè konje maladi peye e Gouvènè a te prezante li nan kad Diskou Eta Leta li ak bidjè egzekitif ane fiskal 2021 an, ki pral anvigè 180 jou apre pwomilgasyon li. Espesyalman, lejislasyon an bay:

- **Anplwayè ki gen 4 oswa mwens anplwaye** ak yon revni nèt ki mwens pase 1 milyon dola pral bay omwen **5 jou konje maladi ki pa peye** chak ane.
- **Anplwayè ki gen 5-99 anplwaye** ak anplwayè ki gen 4 oswa mwens anplwaye ak yon revni nèt ki plis pase 1 milyon dola pral bay omwen **5 jou konje maladi peye** chak ane.
- **Anplwayè ki gen 100 oswa plis anplwaye** pral bay omwen **7 jou konje maladi peye** chak ane.

Finalman, Gouvènè a te konfime 432 ka Coronavirus anplis, sa ki bay yon total 1,374 ka konfime nan Eta New York. Nan total 1,374 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Vil New York: 644 (187 nouvo ka)
 Konte Westchester: 380 (157 nouvo ka)
 Konte Nassau: 131 (24 nouvo ka)
 Konte Suffolk: 84 (21 nouvo ka)
 Konte Albany: 23 (11 nouvo ka)
 Konte Rockland: 22 (9 nouvo ka)
 Konte Dutchess: 16 (6 nouvo ka)
 Konte Orange: 15 (4 nouvo ka)
 Konte Monroe: 10 (1 nouvo ka)
 Konte Saratoga: 9 (4 nouvo ka)
 Konte Ulster: 8 (1 nouvo ka)
 Konte Erie: 7 (1 nouvo ka)
 Konte Schenectady: 5 (1 nouvo ka)
 Konte Allegany: 2
 Konte Greene: 2
 Konte Onondaga: 2 (1 nouvo ka)
 Konte Putnam: 2
 Konte Tompkins: 2 (1 nouvo ka)
 Konte Broome: 1
 Konte Clinton: 1 (1 nouvo ka)

Konte Delaware: 1
Konte Herkimer: 1
Konte Montgomery: 1
Konte Ontario: 1
Konte Rensselaer: 1 (1 nouvo ka)
Konte Sullivan: 1 (1 nouvo ka)
Konte Tioga: 1
Konte Wyoming: 1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)